

# CHEMEN LAKWA

YON FASON POU LAPRIYÈ PANDAN KARÈM



DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA

# **CHEMEN LAKWA YON FASON POU LAPRIYÈ PANDAN KARÈM**

## **PREPARASYON**

Nan non Papa-a, pitit la ak Lesprisen an. Amen.

### **Moun k 'ap dirije a:**

Kilès moun sa-a ki soti lavil Bozra nan peyi Edon ak yon rad rouj sou li? L'ap mache byen bwòdè ak bèl rad li sou li. L'ap mache tèt byen wo l'ap pile tè a byen fò?

### **Lòt moun yo:**

Se mwen menm Seyè a ki gen pouvwa delivre moun, Se mwen k'ap pale koze delivrans lan.

### **Moun k 'ap dirije a:**

Poukisa rad ou rouj konsa a? tankou moun k'ap kraze rezen anba pye yo pou yo fè diver?

### **Lòt moun yo:**

Mwen te pou kont mwen ap kraze nasyon yo anba pye m', tankou rezen nan basen. Pa t' gen yon moun nan pèp mwen an ki te la avè m'. Mwen fè kòlè, mwen mache sou yo, m' pilonnen yo anba pye m' sitèlman mwen te fache. San yo benyen tout rad mwen, li tache yo byen tache.

Granmèt la avèk nou tout

Avèk ou menm tou Annou lapriyè.

Vini met men ak nou nan bonkè ou, Bondye ki plen mizerikòd, ou menm ki ka sove nou, pou nou ka komanse lapriyè sa a avek yon kè byen dispoze, pou nou ka medite sou bèl mèvèy ki te pase lè ou t'ap bay lavi ki pap janm fini an. Granmesi Jezikri Granmèt nou.

Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mourir yo repoze anpè**

**R/ amen**



# (ESTASYON LAKWA)

1

## YO KONDANE JEZI AMÒ

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te sove nou

**Ref/ Tout moun rele, klosure li sou kwa**


**Tout moun rele, lage Barabas**

**Jezi femi, men li aksepte**

Lè Pilat wè li pa t' kapab fè anyen ankò, paske pèp la te soti pou l' te fè plis dezòd toujou, li pran dlo, li lave men l' devan tout foul moun yo. Li di yo: Mwen menm, mwen pa reskonsab lanmò nonm sa a. Sa, se sou kont nou li ye. Tout pèp la reponn: Se pou reskonsablite lanmò l' tonbe sou nou ak sou tout ptit nou yo.

Apre sa, Pilat lage Barabas ba yo. Li fè yo bat Jezi byen bat, li renmèt yo li pou y al klosure l' sou yon kwa.

Leson an soti nan Matye 27: 24 - 26



## MEDITASYON

Kilès ki va kanpe pou mwen kont mechan yo?  
Kilès ki va pran pou mwen kont moun k'ap fè mal yo?

Y'ap fè konplo sou moun ki mache dwat.

Yo vle fè san yon inosan koule.

Men senyè a se tout defans mwen  
Bondye mwen, se twou ròch kote m' jwenn  
pwoteksyon.

Papa nou ki nan syel la...

Mari se pou kontan...

Viv papa ak ptit la ak lespri sen an Amen

Papa nou ki nan syel la...

Mari se pou kontan...

Viv papa ak ptit la ak lespri sen an Amen

Annou lapriyè.

O Bondye Granmèt, Ptit ou renmen anpil la,  
Jezikri Sovè nou, te pare po do l' bay moun ki t'ap  
frappe l' yo. Li pa t' bare figi l' devan krache yo  
tou; tanpri souple, fè nou gras pou nou aksepte  
soufrans n'ap rankontre koulye a ak konviksyon ke  
n'a va wè laglwa Jezikris la. Li menm k'ap viv, ki  
rwa, k'ap gouvènen ansanm ak ou, ansam ak  
Lesprisen an. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mouri yo repoze anpè**

**R/ amen**

## 2

## JEZI RESEVWA KWA-A

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi

**R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou**

**Ref/ Ak kwal sou dol, lap peze monte**

**Men sa kil ou se peche nou yo**

**Jezi peye pou nou jwenn padon**

Sòlda Pilat yo mennen Jezi nan kay gouvènè a. Yo sanble tout batayon sòlda yo fè wonn li.

Yo dezabiye l', yo mete yon gwo rad koulè wouj violèt sou li.

Yo trese yon kouwòn pikan mete nan tèt li, yo ba l' yon ti bwa wozo kenbe nan men dwat li. Apre sa, yo mete ajenou devan l', yo pran pase l' nan betiz. Yo di li:

Bonjou, wa jwif yo!

Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo ba l' kou nan tèt.

Apre yo fin pase l' anba kont betiz yo, yo wete gwo rad la, yo mete rad pa l' sou li ankò. Epi yo mennen l' ale pou yo kloure l' sou yon kwa.

Leson an soti nan Matye 27: 27 - 31


## MEDITASYON

Yo te meprize l', yo pa t' gade l' menm, li konn doulè, li abitye soufri.

Tankou se te yon moun ki bannou kè plen, nou vire do bali, nou pa okipe l'.

Alòs ke se soufrans pa nou li t'ap soufri nan plas nou; se doulè pa nou yo li pran pote sou do l'.

Noumenm menm, nou te konprann se maspinen Bondye t'ap maspinen l', se frape Bondye t'ap frape l', se kraze Bondye t'ap kraze l' anba men l'.



**Men se pou peche nou ki fè yo kòche po l' met san l' deyò, se akòz peche nou, yo kraze zo l' anba baton konsa; Chatiman ki bannou kè poze a tonbe sou do l', se gras a maleng li yo ke nou jwenn gerizon.**

**Papa nou**

**Mari se pou kontan**

**Viv papa ak pitit la ak lespri sen an Amen.**

**Annou lapriyè.**

**Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, Pitit ou renmen anpil la pa t' moute nan syèl ak bèl mèvèy anvan li te soufri. Li pa t' antre nan laglwa anvan yo te klosure l' sou lakwa; Fè nou gras, nan bon kè ou, pou nou jwenn lavi ak lapè pandan n'ap mache sou chimen lakwa a. Pa pouvwa Jezikri, pitit ou, Granmèt nou. Amen.**

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mourir yo repoze anpè**

**R/ amen**

**3**

### **JEZI TONBE YON PREMYE FWA**

**GGranmèt mwen adore w e mwen diw mèsi**

**R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou**

**Ref/ Soufrans pitit, se doulè manman**


**Yo de ansanm sipote l menm jan**

**Se yon sèl kè, yon sèl devouman**

**Te gen yon nonm yo rele Simon, moun peyi Sirèn, papa Aleksann ak Rifis. Antan Simon sa a t'ap soti nan jaden, li pase bò la, epi sòlda yo fòse msye pote kwa Jezi a.**

**Yo mennen Jezi yon kote yo rele Gòlgota (ki vle di: Plas zo bwa tèt la). Yo te vle ba li diven melanje ak yon siwo fèt ak lami pou l' te bwè. Men, li pa pran li. Leson an soti nan**

**Mak 15: 21 - 23**



## MEDITASYON

**Senyè a pwan men moun, li mennen yo nan bon chimen,  
Li kontan wè yo mache dwat;**

**Si yo tonbe, yo p'ap rete atè a,  
Paske Senyè a ap ba yo men**

**Paske Iwa Bondye a rete nan kè moun ki mache dwat Yo ka  
bite, yo ka glise men yo p'ap tonbe pou ret atè.**

**Papa nou  
Mari se pou kontan  
Viv papa ak ptit la ak lespri sen an Amen.**

**Annou lapriyè.**

**Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, ou menm ki bannou  
sèl grenn Ptit gason w' lan pou li te tounen yon sakrifis  
pou peche menm jan li se modèl yon lavi ki sen: Fè nou  
gras pou nou toujou resevwa, avèk yon rekonesans ki byen  
vivan, tout byenfè ke nou pa ka konte men ke li bannou. Fè  
nou kapab mete tout volonte nou tou nan siv tras beni lavi  
sen li an. Nan non menm Jezikri sa a, Ptit gason w',  
Granmèt nou. Amen.**

**Genyen pitye pou Granmet  
R/ genyen pitye pou nou  
Se pou nanm tout moun ki mourir yo repoze anpè  
R/ amen**



Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou

**Ref/ Soufrans pitit, se doulè manman  
Yo de ansanm sipote l menm jan  
Se yon sèl kè, yon sèl devouman**

Antan sòlda yo t'ap mennen Jezi ale, yo kontre Simon, yon moun peyi Sirèn. Li te soti nan jaden. Yo pran msye, yo chaje l' anba kwa a pou l' pote li dèyè Jezi. Yon bann moun nan pèp la t'ap swiv Jezi. Te gen kèk fanm la tou ki t'ap kriye, ki t'ap plenn sò li.

Jezi vire gade yo, li di yo konsa: Nou menm, medam lavil Jerizalèm, pa kriye pou mwen tande; kriye pou tèt pa nou ak tout pitit nou yo.

Gen jou k'ap vin dèyè; lè sa a y'a di: benediksyon pou fanm ki pa kapab fè pitit, pou fanm ki pa t' janm fè pitit, pou fanm ki pa janm bay pitit tete. Lè sa a, tout moun va di mòn yo: Tonbe sou nou! Y'a mande falèz yo: Kouvri nou! Paske, si se sa yo fè bwa vèt la, kisa yo p'ap fè bwa chèch la? Leson an soti nan Lik 23: 26 - 31.

## MEDITASYON

Ou ba yo manje yon pen ki fèt ak dlo ki koule soti nan je w'.

Ou ba yo bwè dlo ki koule soti nan je w' nan gwo gode.

Ou fè nasyon ki vwazen nou yo ap goumen youn ak lòt. Ou kite lenmi nou yo ap pase nou nan rizib.

Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, mete nou sou pye nou ankò non! Fè nou santi ou la avèk nou, epi n'a delivre !



Annou lapriyè.

Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, Papa bon kè ou menm ki konsole tout moun: Pran pitye pou tout moun k'ap kriye pou yo ka remèt nan men w' tout sa ki fè yo lapenn konsa yo va jwenn konsolasyon renmen w' lan bay. Pa pouvwa Jezikri, Granmèt nou. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mourir yo repose anpè**

**R/ amen**

# 5

## SÒLDA YO FÒSE SIMON, MOUN PEYI SIRÈN POTE KWA-A

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou

**Ref/ Denye kretyen, rankontre soufrans**

**Jezi te di fò nou pote kwa**

**Si nou soufri, na gen rekompans**

Te gen yon nonm yo rele Simon, moun peyi Sirèn, papa Aleksann ak Rifis. Antan Simon sa a t'ap soti nan jaden, li pase bò la, epi sòlda yo fòse msye pote kwa Jezi a.

Yo mennen Jezi yon kote yo rele Gòlgota (ki vle di: Plas zo bwa tèt la). Yo te vle ba li diven melanje ak yon siwo fèt ak lami pou l' te bwè. Men, li pa pran li. Leson an soti nan Mak 15: 21 - 23

### MEDITASYON

Tout apòt yo te kouri, yo kite Jezi poukонт li, men nou konnen ke manmann pap pa la, li tap wè ki jan yo tap trete ptit li a, ki jan li te soufri enjisteman. Se konsa, an silans, li pral fè ansanm ak Jezi tout wout la sou kwa a.

Tankou nou menm, ki gen nan lavi nou kèk moun ki chè pou nou, e nou chè pou yo, nan yo nou mete konfyans. Nou santi sètid yo pral la avek nou, paske yo deja yon pati nan lavi nou. Nou ap bati sekirite nou ki baze sou fòs yo. Yo aprann nou kwè. Pou fè konfyans. Nan kèk rankont, nan mitan foul, nan moman kritik nan lavi, se fondamantal pou kontinye mache.

**Papa nou**

**Mari se pou kontan**

**Viv papa ak ptit la ak lespri sen an Amen.**



**Annou lapriyè.**

Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, ou menm ki bannou sèl grenn Pitit gason w' lan pou li te tounen yon sakrifis pou peche menm jan li se modèl yon lavi ki sen: Fè nou gras pou nou toujou resevwa, avèk yon rekonesans ki byen vivan, tout byenfè ke nou pa ka konte men ke li bannou. Fè nou kapab mete tout volonte nou tou nan siv tras beni lavi sen li an. Nan non menm Jezikri sa a, Pitit gason w', Granmèt nou. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mourir yo repoze anpè**

**R/ amen**

# 6

## YON MADANM SIYE FIGI JEZI

Gramèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou

**Ref/ Wi Jezi sal, wi, li gentan lèd  
Anba peche, moun defigire  
Jezi soufri pou nou kap refè.**

Jezi te telman defigire, jan pwofet Izayi te di sa davans :  
Figil pat bel ditou, li pat gen anyen ki kab atire yon moun  
sou li, tout moun te meprizel, li te tankou yon moun ki te  
gen maladi lep, tout moun te pran distans yo avek li.  
(Izayi 53/2-3)


### MEDITASYON

O Jezi, se labou peche nou yo ki rejayi sou figi ou,  
nou pwomet ou tankou madam sa a ki te siye figi ou,  
pou n pa pè anyen, pou n mete tout krent, tout perez  
de kote, pou n ka fè devwa nou kreteyen nou.

Papa nou  
Mari se pou kontan  
Viv papa ak pitit la ak lespri sen an Amen.

Annou lapriyè.  
Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, ou menm ki  
bannou sèl grenn Ptit gason w' lan pou li te tounen  
yon sakrifis pou peche menm jan li se modèl yon lavi  
ki sen: Fè

**Genyen pitye pou Granmet  
R/ genyen pitye pou nou  
Se pou nanm tout moun ki mourí yo repoze anpè  
R/ amen**



7

## MEN JEZI TONBE YON 2ÈME FWA

Grammèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou

**Ref/ Wi Jezi sal, wi, li gentan lèd  
Anba peche, moun defigire  
Jezi soufri pou nou kap refè.**

Soufrans la te telman red, tout fos Jezi te epwiz net, li te about. Yo tap mande si lap kapab rive jis Golgota. Li pat menm ka mache anko.

Li tonbe yon dezyem fwa . Sa fe nou sonje jou Jedi Sen na jaden Jetsemani, le nanm li te chagren , dekwa pol ta mouri , li tonbe ate, li te di  
Che papa o, anyen pa twop pou ou, voye ve anme sa a lwen m, men se pa sam vle ki pou fet, se sa ou menm ou vle ( Mak 14 : 36)

### MEDITASYON

Se pa ti sakrifis Jezi te fe poul te retire nou nan esklavaj peche a, nou menm, an nou mande Bondye pou nou leve nou tonbe nan peche.

Annou lapriyè.

Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, Papa bon kè ou menm ki konsole tout moun: Pran pitye pou tout moun k'ap kriye pou yo ka remèt nan men w' tout sa ki fè yo lapenn konsa yo va jwenn konsolasyon renmen w' lan bay. Pa pouvwa Jezikri, Grammèt nou. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet  
R/ genyen pitye pou nou  
Se pou nanm tout moun ki mouri yo repoze anpè  
R/ amen**



Gramèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou

**Peche nou yo lakòz gro malè  
Kriye pa kont, fò nou korije  
Jezi tonbe pou nou kab leve**

Yon bann moun nan pep la tap swiv Jezi. Te gen kek fanm la tou ki tap kriye, ki tap plenn so li. Jezi vire gade yo li di yo konsa, nou menm medam lavil Jerizalem, pa kriye pou mwen tande, kriye pou tet pan ou ak tout ptit nou yo. Gen jou kap vin deye : se le sa wap di : benediksyon pou fanm ki pa kapab fe ptit. Pou fanm ki pat janm fe ptit. Pou fanm ki pat janm bay ptit tete. Le sa tout moun va di mon yo tonbe sou nou, yap mande mon yo kouvri nou. Paske si se sa yo fe bwa vet la, kisa yo pap fe bwa chech la. Lik 23 , 27-31

### MEDITASYON

Jezi gade jis ki kote mizerikod ou rive, ou aprann nou pou nou rantre nan nou menm, ou envite nou fouye pwop konsyans nou, an nou gade ki kantite dega peche a fe nan lavi nou.

An nou sispann gade peche lot yo, an nou egzamine pwop lavi nou ki fin pedi nan lavi peche a.

Granmet pran ka nou

Papa nou ki nan syel la...

Mari se pou ou kantan....

Viv papa ak ptit la ak Lespri sen an....



Annou lapriyè.

Granmet se ou menm ki sel espwa nou, tanpri fe nou regret tout sa nou f eki mal pou ka jwenn mizerikod ki soti nan fon ke ou.

Nou lapriyew konsa ou menm ki vivan e ki wa depi tou tan e pou tou tan. Amen !

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mourí yo repoze anpè**

**R/ amen**

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te ka sove nou

**Ref/ Jezi tonbe, li pa kab ankò  
Konsa malè konn kase kouraj  
Men na leve pa pouvwa Bon Dye**

Jezi bannou yon avètisman nan levanjil Matye : veye veye a lapriyè pou nou pa tonbe nan pyèj, lespri a cho men kò a fèb (Mt 26,41).

Devan soufrans li tap soufri pou nou an li di : Papa mwen si vè annè sa apa kap pase san m pa bwè li, se pou volonte ou fèt (Mt 26, 42)

### **MEDITASYON**

Ann mande Bondye pou nou pa lage I menn jan apòt yo te fè a, ann pwomèt li nap fè tout efò pou nou korije nou, pou nou cho nan sèvis li, pou nou pa gen domi nan moman difisil yo.

Annou lapriyè.

Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, ou menm ki bannou sèl grenn Pitit gason w' lan pou li te tounen yon sakrifis pou peche menm jan li se modèl yon lavi ki sen: Fè nou gras pou nou toujou resevwa, avèk yon rekonesans ki byen vivan, tout byenfè ke nou pa ka konte men ke li bannou. Fè nou kapab mete tout volonte nou tou nan siv tras beni lavi sen li an. Nan non menm Jezikri sa a, Pitit gason w', Granmèt nou. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet  
R/ genyen pitye pou nou  
Se pou nanm tout moun ki mouri yo repoze anpè<sup>1</sup>  
R/ amen**



**10**

## YO KLOURE JEZI SOU LAKWA

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te sove nou

**Yo pran rad li pou yo separe  
Volè konn pran tou sa nou genyen  
Gade Jezi e na pran kouraj**

Lè yo rive kote ki rele Gòlgota a (ki vle di: Plas zo bwa tèt la) yo bay Jezi bwè diven mele ak fyèl. Men, lè l'goute l', li pa t'vele bwè li. Apre yo fin kloure l' sou kwa a, yo jwe aza pou separe rad li yo.

Apre sa, yo chita ap veye li. Yo mete yon ti pankat anlè tèt li pou fè konnen kòz ki fè yo te kondannen l' la. 38 Yo te kloure de ansesen sou de lòt kwa an menm tan avè l', yonn sou bò dwat, yonn sou bò göch. Moun ki t'ap pase bò la a t'ap plede joure li. Yo t'ap fè siy sou li.

Leson an soti nan Matye 27: 33 - 39


### MEDITASYON

Bondye, Bondye m', poukisa ou lage m' konsa a?  
Poukisa w'al kanpe lwen m' san ou pa pote m' sekou,  
san w' pa tande m' k'ap plenn.

Moun k'ap gade m' ap pase m' nan betiz.  
Yo louvri bouch yo, lonje dwèt sou mwen, y ap fè jouda sou mwen.

Remèt tèt ou bay Bondye w', li va sove w' L'ap delivre w' paske l' renmen w'!

Pa kanpe lwen m' lè eprèv yo ap pwoche pi pre mwen  
Lè pyès moun pa vin pote m' sekou!



Annou lapriyè.

Bondye ki gen pouvwa sou tout bagay, nou rekonèt ke nou merite chatiman nou piske nou peche: Tanpri souple, n'ap mande w' pou pote nou sekou nan bonkè ou epi bannou gras konsolasyon w' lan. Pa pouvwa Jezikri, Granmèt nou, Sovè nou. Amen.

**Genyen pitye pou nou Granmèt**

**R/ Genyen pitye pou nou**

**Se pou tout nanm moun ki mouri yo repoze anpè**

**R/Amen**


Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te sove nou

**Jezi kloure ak de malfektè  
Ala wonte, ala ala repiyans  
Men se tout mal ki kloure sou kwa**

Lè sòlda yo fin kloure Jezi sou kwa a, yo pran rad li yo, yo fè kat pil ak yo, yo separe yo bay chak sòlda yo yonn. Yo pran gwo rad san kouti a, rad ki te fèt ak yon sèl pyès twal depi anwo jouk anba a.

Sòlda yo yonn di lòt: Nou p'ap chire rad sa a non. Annou fè paryaj pou konnen pou ki moun l'ap ye. Se konsa, pawòl ki te ekri nan Liv la rive vre: Yo separe rad mwen ant yo: Yo fè paryaj pou rad mwen an. Se sa menm sòlda yo te fè.

Lson an soti nan Jan 19: 23 - 24



## MEDITASYON

Yo pèse de men m' ak de pye m'. Mwen ta ka konte tout grenn zo nan kò m'.

Yo kanpe la y'ap gade bèl mèvèy, yo vin fè zen sou do mwen;

Yo fè piyay sou rad mwen antre yo,  
Yo jwe aza, yo fè paryaj sou kostim mwen

Pa rete lwen m' konsa Senyè mwen !  
Ou menm ki tout fòs mwen, prese vini pou pote m'  
sekou !

Papa nou  
Mari se pou kontan  
Viv papa ak pitit la ak lespri sen an Amen.

Annou lapriyè.

Bondye ki la pou tout tan e ki gen tout pouvwa, ou te tèlman renmen lemond ke ou te voye Pitit gason-w lan Jezikri, Sovè nou, pou li te tounen yon moun menm jan ak nou, pou li te soufri, pou li te mourir sou lakwa, pou nou te ka suiv egzanz kijan pou nou degonfle tèt nou: Fè nou gras, nan bon kè ou, pou nou ka imite pasyans li konsa nou ka leve byen vivan apre lanmò nou. Pa pouvwa menm Jezikri sa-a, Granmèt nou. Amen.

**Genyen pitye pou nou Granmèt**

**R/ Genyen pitye pou nou**

**Se pou tout nanm moun ki mourir yo repoze anpè**

**R/Amen**

**12**

## JEZI MOURI SOU KWA A

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te sove nou

Mari kanpe, k èl ap dechire  
Dlo benyen je l tank li gen lapenn  
Men li byen fè m paske l gen lespwa

**Leson an soti nan Lik 23: 44 - 46**

Li te midi konsa lè solèy la sispann klere sou tout peyi a  
jouk vè twazè nan apremidi.  
Rido ki te nan tanp lan chire fè de moso.  
Jezi rele byen fò, li di: Papa, m' ap renmèt lespri mwen nan  
men ou. Apre l' fin di pawòl sa yo, li rann dènye souf li.


### MEDITASYON

Gade m' non Senyè, reponn mwen non Bondye  
mwen! Kenbe m' pou m' pa mouri  
Fè je mwen louvri byen klè pou mwen ka pa dòmi  
tankou moun ki mouri,

Konsa, lenmi m' yo p'ap di: "Nou fini avè l!"  
Pou yo pa gen chans fè fèt lè yo wè m' tonbe

Pou mwen menm, Se sou ou mwen konte paske ou  
renmen mwen anpil, Kè m' kontan, paske ou delivre  
mwen.

Papa nou  
Mari se pou kontan  
Viv papa ak pitit la ak lespri sen an Amen.



Annou lapriyè.

Bondye, ou menm ki te vle voye Pitit gason w' lan vin  
mourir sou lakwa pou te ka fè nou byen ankò ak ou;  
epi ki, nan leve byen vivan anba lanmò, delivre nou  
anba pisans lenmi nou an: Tanpri souple, bannou  
pouvwa pou nou mourir toulejou nan peche konsa  
nou ka viv nèt ale avèk li nan lajwa rezireksyon li. Li  
menm k'ap viv, ki se Pitit gason w', Granmèt nou.  
Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

R/ genyen pitye pou nou

**Se pou nanm tout moun ki mourir yo repoze anpè**

R/ amen

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te sove nou

**Nan kè Jezi, san ak dlo koule  
Nan kè Mari lapenn ogmante  
Nan kè Kretyen, lavi komanse**

**Leson an soti nan Matye 27: 57 - 60**

Lè solèy fin kouche, yon nonm rich, moun lavil Arimate, vin rive. Yo te rele l' Jozèf. Li menm tou li te yon disip Jezi. li al jwenn Pilat, li mande l' kò Jezi a. Pilat bay lòd pou yo renmèt li kò a.

Jozèf pran kò a, li vlope l' nan yon bél dra blan tou nèf. Apre sa, li mete kò a nan yon kavo li te fèk fè fouye nan wòch la pou tèt pa l'. Apre sa, li woule yon gwo wòch devan bouch kavo a. Epi li al fè wout li.



## MEDITASYON

Yo wete l' pami moun ki vivan sou latè.  
Se pou peche pèp mwen an yo touye l'.

Yo antere l' menm kote ak mechan yo, yo mete l' nan yon kavo nan mitan tonm moun rich yo.  
Ak tout li pa t' kriminèl, ak tout li pa t' kite manti soti nan bouch li.

Se poutèt sa m'ap pran l' mete l' chèf, m'ap bali plas nan mitan grannèg yo.  
Paske se limenm menm ki te bay tèt li pou l' mouri konsa.

**Papa nou**

**Mari se pou kontan**

**Viv papa ak pitit la ak lespri sen an Amen.**

**Annou lapriyè.**

O Granmèt Jezikri, ou menm ki te mouri pou te wete giyon lanmò sou nou: Bay sèvitè w' yo pouvwa lafwa pou yo suiv wout ou trase a. Konsa nou ka dòmi avèk ou nan lapè e reveye ak imaj ou; nan bon kè ou. Ou menm k'ap viv avèk Papa a ak Lesprisen an, yon sèl Bondye, pou tout tan k' gen tan. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

**R/ genyen pitye pou nou**

**Se pou nanm tout moun ki mouri yo repoze anpè**


**R/ amen**

Granmèt mwen adore w e mwen diw mèsi  
R/ paske w te asepte soufri pou w te sove nou

**Jezi soufri, mouri, antere**  
**Men lap leve pou l leve tèt nou**  
**Lap fè n ale nan lavi san fin**

Kote yo te klosure Jezi sou kwa a te gen yon jaden. Nan jaden an te gen yon kavo tou nèf. Yo pa t' ankò mete pesonn ladan li. Medam ki t'ap mache avèk Jezi depi nan peyi Galile yo te ale ansanm ak Jozèf. Yo wè kavo a, yo wè ki jan yo te mete kò Jezi ladan li. Apre sa, yo tounen lakay yo, y' al pare lwil santi bon ak odè pafen pou benyen kò a. Men, jou repo a yo pa t' fè anyen, jan lalwa Moyiz te vle l' la.

Leson an soti nan Jan 19: 41 - Lik 23: 55 - 56



### MEDITASYON

Mwen toujou mete Senyè a tout tan devan je m',  
Paske li toujou bò kote m', anyen pa ka brennen m';

Se poutèt sa, kè m' kontan anpil. Mwen santi se tout tan mwen t' a chante,  
Ata kò mwen m'ap poze ak konfyans nan Bondye.

Paske ou p'ap kite m' kote mò yo ye a  
Ou p' ap penmèt moun k'ap sèvi w' la pouri anba tè.

Papa nou  
Mari se pou kontan  
Viv papa ak pitit la ak lespri sen an Amen.

Annou lapriyè.

Granmèt, kòm nou batize nan lanmò Pitit gason ou renmen anpil la, Sovè nou Jezikri: Antere nou ak li ak tout bagay ki pouri nan nou pou pandan n'ap pase nan papòt lakay mò yo nou kapab janbe nan lajwa rezireksyon pa nou tou. Pa pouvwa Jezikri Sovè nou ki te mouri, yo te antere men ki leve byen vivan pou sove nou. Amen.

**Genyen pitye pou Granmet**

R/ **genyen pitye pou nou**

**Se pou namt tout moun ki mouri yo repoze anpè**

R/ **amen**

**« Jésus, au nom saint et doux »**

(H.234, 204 - CP 300)

**1. Jésus, au nom saint et doux,**  
Qui voulus porter pour nous Le poids du divin  
courroux, Nos âmes t'implorent.

**2. Par ta divine bonté, Par ta sainte humilité,**  
Par ta tendre charité,  
Nos âmes t'implorent

**3. Par le jour où tu fléchis**  
Sous l'opprobre et le mépris Par la mort que tu  
souffris, Nos âmes t'implorent.

**4. Par l'heure où Gethsémané T'a vu gémir prosterné**  
Et des tiens abandonné, Nos âmes t'implorent.

**5. Par la coupe de douleur**  
Que tu bus pour nous, Seigneur, Par ta sanglante  
sueur,  
Nos âmes t'implorent.

**6. Par ton corps qui fut percé**  
Et sur la croix exposé,  
Par ton sang pour nous versés Nos âmes t'implorent.

**7. Par l'amour qui fit de toi Notre Maître et notre Roi,**  
En nous rangeant sous ta loi, Nos âmes t'implorent.

**« Seigneur à tes pieds me voici »**

**1. Seigneur, à tes pieds me voici**  
Tremblant, humilié ;  
Je suis rongé d'un noir souci Pitié, Seigneur, pitié !

**2. Veuillez abaisser tes yeux sur moi ; Je pleure mon**  
péché.  
Hélas ! j'ai méprisé ta loi.  
Pitié, Seigneur, pitié !

**3. Devant ta justice, ô Seigneur, Je me sens accablé ;**  
Tout m'accuse et surtout mon cœur.  
Pitié, Seigneur, pitié !

**4. L'enfer m'épouvante grand Dieu,**  
Car je l'ai mérité ;  
Satan veut m'avoir en son lieu.  
Pitié, Seigneur, pitié !

**5. O ciel, o fortuné séjour,**  
Me serais-tu fermé Pardonne au nom

**Victoire tu règneras,  
O Croix tu nous sauveras.**

**1. Rayonne sur le monde qui cherche la vérité,**  
O croix source féconde d'amour et de liberté.

**2. Redonne la vaillance au pauvre et au malheureux,**  
c'est toi notre espérance qui nous mènera vers Dieu.

**3. Rassemble tous nos frères à l'ombre de tes grands pas,**  
Par toi Dieu notre Père au ciel nous accueillera. de ton amour Pitié, Seigneur, pitié !

